

**NINGKATKEUN KAAKTIPAN JEUNG HASIL DIAJAR MURID
NGALEWATAN MODEL PROBLEM BASED LEARNING DINA SUBTEMA
KABERSAMAAN DALEM KABARAGAMAN**

(Panalungtikan Tindakan Kelas Dina Kelas IV SDN Cisurupan 01 Kabupaten Garut)

Ku

**Ade Rohman Sudarwan
NPM 135060098**

RINGKESAN

panalungtikan tindakan kelas ieu dilakukeun kalawan tujuan kanggo ningkatkeun kaaktipan jeung hasil diajar murid ngaliwatan model problem based learning dina subtema kabersamaan dalem kabaragaman. Penulis ngalakukeun panalungtikan tindakan kelas di kelas IV SDN Cisurupan 01 Kabupaten Garut. Panalungtikan ieu dilatar tukangan kalawan kaayaan murid anu ngabogaan kaaktipan jeung hasil diajar anu kurang. Sabot peroses diajar lumangsung katarlibatan murid minim pisan kumargi murid ngan ngalakukeun kagiatan diuk, cicing, ngadenge, nyatet, sarta ngapalkeun kukituna murid kirang aktip wanci proses diajar lumangsung. Patali jeung proses diajar, guru ngan ngagunakeun pedika ceramah wae kukituna nepikeun materi diajar kirang maksimal. Panalungtikan ieu dilaksanakeun kalawan ngagunakeun pedika panalungtikan tindakan kelas rangkeian Arikunto. Panalungtikan dilakukeun dina 3 siklus unggal siklus diwangun 2 pangajaran jeung sasuai lengkah-lengkah model problem based learning. Dina panalungtikan ieu, pakakas nu dipake panalungtikan nyaeta lambar tes, lambar observasi rancana palaksanaan pangajaran, lambar palaksanaan pangajaran, sarta lambar kaaktipan murid jeung dokumentasi. Hasil panalungtikan nunjukeun yen kalawan nerapkeun model problem based learning tiasa ningkatkeun kaaktipan sarta hasil diajar murid. Perkawis ieu tiasa ditingali dinu: kahiji, ayana paningkatan panyusunan rancana palaksanaan pangajaran (siklus I ngahontal peunteun 3.13 atawa 78%, siklus II ngahontal peunteun 3.39 atawa 84.5%, sarta siklus III ngahontal peunteun 3.65 atawa 91.5%). kadua, ayana paningkatan palaksanaan pangajaran (siklus I ngahontal peunteun 3.01 atawa 75%, siklus II ngahontal peunteun 3.33 atawa 83%, sarta siklus III ngahontal peunteun 3.59 atawa 89.5%). katilu, ayana paningkatan hasil diajar murid (siklus I ngahontal 45%, siklus II ngahontal 69%, sarta siklus III ngahontal 84%), sarta ka opat, ayana paningkatan kaaktipan diajar murid (siklus I ngahontal rata-rata 2.16, siklus II ngahontal 2.44, sarta siklus III ngahontal 3.01). Kacindekan anu ditampa ti panalungtikan ieu yen nerapkeun model problem based learning sanggem ngaronjatkeun kaaktipan sarta hasil diajar murid dina subtema kabersamaan dalem kabaragaman di kelas IV SDN Cisurupan 01.

Sanggem Konci: Problem Based Learning, Kaaktipan, sarta Hasil diajar.